

Nigeria Coronavirus CivActs Campaign

Issue #7 04.05.2020

The coronavirus matter wey don dey cause wahala everywhere first enter Naija on 27 February and e start for Lagos state. The tin cause many many fake news wey make NCDC and Federal Ministry of Health dem begin try calm pipo down, try make the sickness no spread. All of us need join hand make sure say we knack this virus correct apako so make we dey talk only news wey we don confam say na true; and make we dey do the ones wey go make the virus fear to near our domot.

The Coronavirus CivActs Campaign (CCC) dey gather different rumour and tori wey Naija pipo dey talk for different states make we help ordinary pipo understand wetin dey happen; so that beta information go dey flow well well for government, media, NGO and even the citizens dem. Once we talk the real gbege of wetin dey happen, all dem fake news go stop to dey spread before they cause more wahala for our country pipo. You know say no be all of us get the same language and no be everybody sabi this English well well so we need this CCC make everybody understand wetin dey happen so that we go finally throway this bad sickness comot for our country. One company wey dem dey call Statista talk say na only like half of Naija wey dey see internet use, so make we try help the other half wey no get.

Relaxing the Lockdown

After pipo don stay dem house sote, president Muhammadu Buhari come announce on April 27 say the lockdown no go dey too tight for Abuja, Lagos, and Osun, as from Monday, May 4.

The president talk say hin decide this one after Presidential Task Force on COVID-19, the Nigeria Governors Forum, and other Federal Government committees bin advise am. He come talk say as people no comot house for four weeks because of the virus the tin affect our economy and food abundance, and nah this wahala follow for wetin make am take this direction.

As dem don relax this lockdown so, dem go dey test many many people and trace people boku. Some other tins wey go dey in place nationwide be:



a. Pipo must to dey dem house from 8pm to 6am, except if hin dey necessary make dem go out.



b. Pipo no go dey travel go another State, except say dem get correct reason.



c. Dem go dey reduce and control the way goods dey move between states and how they go take reach pipoe wey wan buy.



d. Everybody must to dey use face mask and no too near other pipo when dem dey outside. But all these things no concern pipo wey dey Kano as the president don announce on April 27 sey make dem no comot their house for two weeks.

NCDC come talk sey e get some other tins wey we need do make we no dey spread the virus:



1. Make pipo no dey gather more than 10 outside offices.



2. Make pipo no gather for church or mosque.



3. Pipo no fit travel comot country, except say na very important flight.



4. Make business pipo and office pipo get soap, tap water or sanitizer for where dem dey operate.



5. E compulsory make dem dey check pipo temperature for public places.



6. Make dem control how pipo dey take enter market and where business dey.

YEYE TORI



VS



TRUE TORI

If NCDC no announce say COVID-19 don reach my area, I fit gather pipo or go where pipo gather.

NCDC dey test pesin first before dem know if dem don get COVID-19. Dem no fit know if pesin get the virus if dem never test am. So, nobody fit know if pesin don bring the virus come your area until hin start to dey show symptoms sey hin get am. The best thing you fit do for yourself if you no wan get the virus na to make sure say you dey safe, and no too dey near pipo.

If I begin to dey show symptoms of coronavirus, the best way na to go hospital. The best thing wey you fit do if e dey do you like you don catch the virus na to call 112, 080097000010 or any other emergency number wey dey for your State. You fit call your healthcare provider make hin guide you. E dey important make you no comot house at all, so you no go give other pipo the virus.



YEYE TORI





TRUE TORI

Since Federal Government don relax the lockdown, e mean say coronavirus don dey comot Naiia. E no need make we no near pipo again.

Because dem wan relax the lockdown for Lagos, Abuja, and Ogun no mean say the virus don dev comot our side. E better make you dev safe, dev clean, and no too dey near pipo for outside.

You no go get coronavirus if you no fit spell am.

COVID-19 na virus wey dey spread when pipo dey contact person wey don already get am or touch the place wey don dey contaminated with pesin cough water. All the yeye tori wey pipo dey talk no concern the virus at all.

The virus no fit spread if you drink two spoon of palm oil.

Dem never verify sey palm oil dey prevent or cure the virus. The best way to prevent am na to dey your dey and no too near pipo for outside.

The COVID-19 mata as e dey for Kano State

President Muhammadu Buhari don talk sey make Kano pipo no comot dem house for two weeks; he promise say him go send them everything wey dem go need make the virus no spread to other states wey near Kano. Plenty States like Plateau and Enugu don get COVID-19 cases from pipo wey bin travel come from Kano. Number of cases don rise for states like Kaduna because Kano state government bin package Almajiri children con give them.

E never tey wey Federal Government send 110 trucks wey carry rice go Kano to support the pipo wey dey lockdown. But e dey unfortunate sey plenty pipo still dey die on top one kain illness wey dem no know, and the State government talk sey no be COVID-19. The State don dey use verbal autopsies wey go make dem know the kain death wey kill these pipo; but hin no fit show if na COVID-19 true true cause am as test no dey.



E dey important make pipo wey dey Kano know say this COVID-19 matter no be joke, especially as dem bin stop to dey test pipo for the COVID-19 lab for some time because the workers bin catch the virus. Na all these things dey show say the virus don spread for Kano community. E dey important make dem no too dey near pipo for outside, make dem dey ask for accountability from authorities wey dey in charge of this matter. E be high priority make dem protect pipo wey fit catch the virus one time, like pipo wey don old.

Emergency COVID-19 phone numbers

North-Central

S/N	GEO-POLITICAL ZONES/STATES	HOTLINE
1	Benue State	09018602439
		07025031214
2	Federal Capital Territory	08099936312
		08099936313
		08099936314
		07080631500
		08031230330 08031230508 -
		Toll free
3	Kogi State	7088292249
		8150953486
		8095227003
		7043402122
4	Kwara State	09062010001
		9062010002
5	Nasarawa State	08036018579
		08035871718
		08033254549
		08036201904
		08032910826
		08121243191

6	Niger State	Toll Free Lines
		09010999909
		09010999910
7	Plateau State	07032864444
		08035422711
		08065486416
		8035779917



CORONAVIRUS UPDATE IN NIGERIA AT AS TODAY - 04/05/2020

1,558

CONFIRMED CASES

87

400

RECOVERED

17,566

TESTED

